Проектон методæй пайда кæныны ахадындзинад рæвдауæндоны сабиты хъомылады.

Тетова Диана, Суададжы хъæуы равдауæндоны хъомылгæнæг**.**

Сывæллæтты зонындзинадтæ æмæ арæхстдзинæдтæ, сæ удыхъæды миниуджытæ раргом кæнынæн, саби æмæ хъомылгæнæджы иумæйаг архайдæн къухы бафтынæн хорз æххуыс у иртасыны мадзал (проекты метод). Ацы куыст æххæст кæнын хъæуы фидæны скъоладзаутимæ, уымæн æмæ, ног ахуырадон технологиты домæнтæм гæсгæ, проектон куыст у ахсджиагдæр мадзæлттæй иу. Дæнцæгæн хæссын проект «**Цъиутæ**».

Куысты нысантæ:

- сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ цъиуты тыххæй;

- базонын, мæргътæ цавæр къордтыл дих кæнынц, цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ, цавæр хъæлæстæй зарынц алыхуызон цъиутæ;

-проблемон фарстатæ лыг кæнын зоныныл ахуыр;

- къордтæй кусыныл ахуыр, кæрæдзийы ныхасæн аргъ кæнын;

-ахуыр кæнын сабиты æрдзы цæрæгойтæм лæмбынæгдæр кæсын;

- ныхасы рæзтыл бакусын: сывæллæтты дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнын цъиутимæ баст дзырдтæй;

-компьютеры тыххæй фыццаг зонындзинæдтæ раттын.

Цæстуынгæ æрмæг: компьютер(презентаци), интерактивон фæйнæг,магнитофон (аудиоæрмæг),хуызджын гæххæтт,канцтовартæ.

Рагагъоммæ куыст: сабитимæ абалц кæнын æрдзмæ æмæ сæ базонгæ кæнын алы хуызон цъиуты фæлгонцтимæ æмæ хъæлæстимæ;

Хæдзары ныййарджыты æххуысæй базонгæ уæвын хæдзарон мæргътимæ (сæ фæлгонц, хъæлæстæ).

	Хъомылгæнæджы архайд	Сывæллæтты архайд

проекты этаптæ		
1 этап	Сбæрæг кæны темæйы сæйраг хъуыды, проблемæ, проекты нысан, вербалон æмæ иллюстративон æмбарынад, йæ фæстиуæг.	Темæйы сæйраг хъуыды бамбарын. Темæмæ гæсгæ цавæр проблемон равзаринаг фарстатæ ис, уыдонмæ æркæсын.
2 этап	Æнцойгænæн зонындзинæдтæ ратты. Иумæйаг проблемæ хицæн фарстатыл адих кæны.	Сывæллæтты къордтæй алкæцы дæр кусы иумæйаг проблемæйы иу аспектыл.
3 этап	Бæрæг кæны куыст æххæст кæныны мадзæлттæ. Æххуыс кæны ныййарджытимæ уæлæмхæст информаци æрæмбырд кæнынæн.	Цæттæ кæнынц сæ фыццаг хатдзæгтæ, зæгъынц сæ хъуыдытæ.
4 этап	Проекты реализаци. Проекты æхсæнадон презентаци.	Куысты фæстиуджытæ æмбæлгæ уагмæ æркæнынц.

Проектон куысты этаптæ:

Хъомылгæнæг: Абон мах дзурдзыстæм цъиуты тыххæй. Сымах зонут цъиуты, федтат сæ, фехъуыстат сын сæ хъæлæстæ. Фæлæ мæнмæ ис фарстатæ , кæцытæн иумæ хъуамæ ссарæм дзуаппытæ.

- Цъиутæ цавæртæ вæййынц?

- Иууыл цъиутæ заргæ фæкæнынц?

- Куыд равзарæн ис цъиуты кæрæдзийæ сæ хъæлæстæм гæсгæ ?

(*Афтæ хъомылгæнæг сывæллæтты размæ рахæссы проблемон равзаринаг фарстатæ.)*

ХЪ. Æртæккæ æз равдисдзынæн интерактивон фæйнæгыл цъиуты нывтæ. Бакæсут ма сæм æмæ зæгъут: æмхуызон цъиутæ сты? (Сабитæ дзуппытæ дæттынц: иу цъиутæ хæдзары цæрынц, иннæтæ та - хъæды).

- Цæмæй хицæн кæнынц?

- Чи сын зоны сæ нæмттæ?

- Куыд фæзарынц?

(*Æвдисы презентаци*). Цæмæй нын æнцон дæр уа фарстатæн дзуæппытæ дæттын, уый тыххæй мах адих уыдзыстæм дыууæ къордыл (фыццаг къордыл æмæ дыккаг къордыл). Фыццаг къорды сывæллæттæ иртасдзысты тæхæг цъиуты, дыккаг къорд та- хæдзарон цъиуты. Алы къорд дæр дзуапп дæтты йæхи куысты хайæн.

Сывæллæттæ нывтæм кæсынц ,хъуыды кænынц, дзурынц сæ хъуыдытæ сæ къорды мидæг.Алы къорд йæ хатдзæгтæ дзуры. Хъомылгæнæг сын æххуыс кæны æнцойгæнæн фарстатæй.

Хъ.Бафæлладыстæм æмæ ныр та ахъазæм:

Змæлгæ хъазт: «*Мæ цъиутæ*».

Йæ нысан: сывæллæтты ахуыр кæнын дзырд æмæ архайдæй дзуапп дæттын фарстатæн.

Йæ мидис: хъомылг æнæг æмбарын кæны сывæллæттæн:
- Сымах стут цъиутæ. Æз та - уæ мад. Æз уæ фæрсдзынæн: - Мæ цъиутæ, цæмæн уæ хъæуы базыртæ? Дзуапп дæттут: - Тæхынæн. Æмæ « тæхут».

– Мæ цъиутæ! Цæмæн уæ хъæуы базыртæ? –фæрсы сæ хъомылгæнæг.

- Тæхынæн! – дзуапп дæттынц сывæллæттæ æмæ алырдæмты «тæхынц».

- Мæ цъиутæ! Цæмæн уæ хъæуы хъустæ?

- Хъусынæн! - Æрлæууынц æмæ сæ æрмттæ хъустыл æвæрынц.

- Мæ цъиутæ! Цæмæн уæ хъæуынц уæ къæхтæ?

- Згъорынæн! – дзуапп дæттынц æмæ згъорынц алырдæмты.

- Мæ цъиутæ! Цæмæн уæ хъæуы цæстытæ?

- Уынынæн! – лæууынц æмæ сæ æрмттæ æвæрынц сæ ныхтыл.

Хъомылгæнæг. Цымæ цъиутæ та куыд фæзарынц, раиртасæн сæ ис сæ зардæй? Ацы фарстайæн дзуапп дæтдзыстæм хъазты хуызы , фæлæ уал байхъусæм цъиуты зарджытæм магнитофонæй (аудиофыст):

Хъомылгæнæг:Раст бадзураем хæдзарон цъиутæм æмæ немæ ахъазой.

Хъ.Бабыз,ратæх, мемæ ахъаз.

С.Бапп-бапп, бапп- бапп.

Хъ. Уасæг, ратæх, мемæ ахъаз.

С. Хъихъ- ри хъу,хъихъ- ри хъу.

Хъ.Карк , ратæх, мемæ ахъаз.

С.Хъуыдатт, карк-хъуыдатт.

Хъ.Гыццыл цъиутæ, ратæхут, мемæ ахъазут.

С.Цъипп, цъипп, цъипп.

Хъ.Цавæр цъиуты зарджытæ кодтам?

С.Хадзарон цъиуты.

Хъомылгæнæг. Раст бадзурæм тæхæг цъиутæм, немæ сæ ахъазын кæнæм.

Хъ.Хърихъупп,ратæх, мемæ ахъаз.

С.Хъупп-хъупп,хъупп-хъупп.

Хъ.Хъæдхой, ратæх, мемæ ахъаз.

С. Къупп-къупп, къупп-къупп.

Хъ.Дудахъ,ратæх, мемæ ахъаз.

С. Дахъ-дахъ, дахъ-дахъ.

Хъ. Халон, ратæх, мемæ ахъаз.

С. Хъуахъ-хъуахъ, хъуахъ-хъуахъ.

Хъ. Хиуа, ратæх, мемæ ахъаз.

С.Хъиу-хъиу, хъиу-хъиу.

Хъ.Балон, ратæх, мемæ ахъаз.

С.Хъру-хъру- хъру.

Хъ.Ацы хъæлæстæ та цавæр цъиуты уыдысты?

С. Тæхгæ цъиуты.

Хъомылгæнæг: Нæ куыстæн хатдзæг скæнæм.Цымæ цы базыдтам цъиуты тыххæй? (Алы къордæй дæр сабитæ зæгъынц сæ хъуыдытæ.)

Æз дæтдзынæн уыци- уыцитæ дыккаг къорды сывæллæттæм æмæ сæ хъуамæ базоной:

1.Йæ къæдзил нывæфтыдтæ,

Йæ цырыхъхъытæ дзæмбытимæ,

Æхсæв зарджытæ кæны,

Рæстæг нымайы. (*Уасæг)*

2.Цæугæ- цæуын – рахау- бахау,

Тыппыр гуцъа - раппар- баппар.

Уайгæ- уайын – бапп- бапп.*(Бабыз)*

3.Уарзы кæрты астæу кафын,

Зæххыл базыртæ фæхафы,

Дидинджытау сырх- йæ хъуыртæ,

Сты йæ æйчытæ дзыгъуыртæ.

Саби, ацы маргъы зоныс?

Уый у хъулон- мулон…(*Гогыз)*

4.Йе мбæлттæй фæлыгъди дард

Йе мбæлттæй фæлыгъди дард

Æмæ райхъуысти хъуыдатт.

Февзæрди йæ быны айк,

Уый хæдзарон маргъ у…*(Карк)*

Сабитæ дзупп дæттынц.

Хъомылгæнæг: Ныр та- уыци – уыцитæ фыццаг къорды сывæллæттæн:

1.Нæ йæм фæрæт æмæ хырх вæййы,

Нæ- дзæбуг æмæ аркъау,

Афтæмæй уæладзыгон хæдзæрттæ аразы.(*Зæрватыкк)*

2.Талынджы уыны,рухсы та нæ уыны. *(Уыг)*

3.Æппæт цъиутæй –саудæр,

Асыгъдæр кæны быдыртæ кæлмытæй.

Кæцы у уый.*(Сауцъиу)*

4.Гыццыл цъæх цъиу у уый,

Афтæмæй йæ цъæхснаг зарæг

Фæхъуысы мингай хъæлæстæй. *(Булæмæргъ*)

Хъомылгæнæг. Тынг хорз бакуыстой дыууæ корды сывæллæттæ дæр.

Проекты реализаци.

Ацы *куысты фæстиуæг* равдисæн ис цалдæр хуызы:

- сывæллæттæ хуызджын гæххæттæй аразынц цъиуы аппликацитæ.;

- сывæллæттæ пластелинæй кæнæ æлыгæй аразынц цъиуы фигуркæтæ;

- конструкторы элементтæй саразын цъиуты макеттæ,

- ахорæнтæй снув кæнын цъиуты нывтæ;

- хуыссæйæ скæнын цъиуы фæлгонцтæ.

Беслан, 2022 аз.